



Aktivite Min Endistriyèl ap Gen Gwo Risk sou Dlo nan Nò peyi Dayiti

Konpayi Min yo Pa Bay Enfòmasyon—men yon Ekip Entènasyon ki Gen Avoka Dwa Moun, Syantifik, ak òganizasyon Kominotè Mete Bout nan yon Etid de Baz nan Kominote Rural

(Okap Ayisyen, 11 Desanm, 2018)—Aktivite min lò reprezante risk grav pou kontamine dlo epi diminye kantite dlo nan nò peyi Dayiti, dapre yon etid ki bout jodi a. Se Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa Inivèsite Nouyòk (Klinik la), Kolektif Jistis Min (KJM), de (2) syantifik ki espesyalis nan dlo Ameriken, ansanm ak òganizasyon kominote ki gen objektif resiste aktivite min ki reyalize etid la. Sepandan konpayi yo rete an silans sou plan pou konstwi yon min epi sou enpak potansyèl yo, kowalisyon sa a te travay ansanm ak kominote lokal pou reyalize yon etid liy de baz.

Pandan twa (3) lane, ekip entènasyon la mezire kòman abitan nan plis pase de (2) douzèn abitasyon ki anndan pèmi Mòn Bosa, ki se yon pèmi pou eksplwate lò nan Katye Moren, jwi dwa dlo yo. Pèmi Mòn Bosa se youn nan twa pèmi eksplwatasyon konpayi genyen an Ayiti. Ekip abitan lokal ansanm ak syantifik pran mezi sou dlo nan plis pase swasantdis (70) ponp, pi, sous natirèl, ak rivyè nan zòn nan. Syantifik yo teste echantyon dlo ki sòti nan 48 pwen dlo nan zòn nan pou analize prezans metal ak lòt eleman jeyochimik.

Etid la konfime nap akifè nan Katye Moren gen bon sante. Sepandan, syantifik yo di nou oblije pwoteje akifè sa a. “Si konpayi min ekstrè anpil dlo anba tè a, gen posibilite pou pi yo ansanm ak sous natirèl yo rive sèch jiska yo sispann ponpe dlo epi sistèm dlo a reprann li. Sa ka pran plizyè ane oubyen yo ta ka menm rive sèch nèt,” dapre Dr. Tess Russo, yon syantifik ki fè etid la. “Anplis, enpak sou dlo aktivite min ta kapab fè li enposib pou Okap depann sou Katye Moren pou dlo pou abitan yo bwè, jan gouvènman an ak patnè entènasyon yo pwopoze sa.”

Etid la montre majorite ponp yo ponpe dlo ki pa t gen okenn eleman ki endike li pa bon pou bwè oubyen sèvi pou fè lòt aktivite. Men, tout pi ki fouye ak men sa vle di ki pa fon teste pozitif pou mikwòb e.coli, ki endike li kontamine ak dechè moun oubyen dechè bèt. Si yon konpayi min ekstrè gwo kantite dlo, li ta posib pou dlo kontamine a enfiltre nan dlo ki pi fon anba tè a, sa vle di li ta ka kontamine dlo nou ponpe jodi a ki bon pou n bwè.

“Sofsi konpayi oubyen gouvènman an pataje done yo genyen piblikman, etid debaz la se sèl enfòmasyon piblik ki dokimante kondisyon dlo anndan pèmi Mòn Bosa,” dapre Margaret Satterthwaite, Direktris Klinik Jistis Global la. Lwa nan peyi Dayiti mande konpayi yo fè yon etid fezabilite—ki gen anndan l enpak potansyèl sou anviwònman ak sosyal pwojè a—epitou yon Etid Enpak Anviwònmantal, avan konpayi konstwi yon min. Depi plis pase twa (3) semèn, Klinik la fè yon demann ekri bay konpayi ki gen pèmi—[Resources Générale Corporation](#) ak [3D Resources](#)—kote nou mande pou done sa yo. Klinik la poko resevwa yon repons. Klinik la ak KJM te fè menm demann lan bò kote Biwo Min ak Enej, san resevwa okenn done.

Dapre lwa sou dwa moun ki dwe aplike an Ayiti, leta oblije fòse konpayi yo reyalize analiz patisipatif ak konsiltasyon kominote, anplis fòse yo pataje tout enpak aktivite konpayi yo ta ka genyen sou anviwònman, sante, ak dwa moun nan kominote yo. Li obligatwa tou, pou konpayi yo pataje plan mitigasyon enpak negatif yo ak piblik la. Bon pratik mande konpayi yo kòmanse fè analiz sou anviwònman depi kòmansman

pwojè a, depi nan konsepsyon pwojè a menm. Abitan lokal yo gen dwa aksè ak enfòmasyon, sa vle di konpayi yo oblije bay bon kalite enfòmasyon sou aktivite yo pwopoze reyalize.

Se byen pou n konnen aktivite min, sitou aktivite min lò, ajan, ak lòt metal, pa sèlman sèvi ak gwo kantite dlo men li kontamine dlo tou. Yo oblije izole dlo kontamine ak dechè chimik epi trete li pou evite l enfilte nan dlo zòn nan. “Twò souvan, kominote yo sible fas ak aksidan min, tranblemantè ak lòt dezaz natirèl, epi yo pa ka pwouve se aktivite min ki kòz sa paske yo pa gen done ki montre kòman kondisyon kominote te ye avan li te fèt,” dapre Ellie Happel, ki se Direktris Pwogram Ayiti Klinik Jistis Global. “Etid liy debaz la reponn vid sa a.”

Nan mwa me, abitan zòn nan pibliye yon lèt tou louvri kote yo di yo pa twoke dlo pou lò. Kounye a, abitan yo se mèt done ki pwouve dlo pa kontamine ak metal lou ni pwodwi chimik ki konn mache ak aktivite min. “Apati tout done nou genyen ki pouvve eta dlo nou, nou gen entere pou nou kontinye lite pou pwoteje—ak menm amelyore—sa nou geneyn. Nou lanze yon pinga bay tout otorite lokal ak nasyonan ansanm ak konpayi min yo pou yo kanpe definitivman sou tout pwojè eksplwatasyon min nan zòn nan, epi nan tou peyi Dayiti,” dapre Maxene Joseph, yon lidè nan zòn nan ki patisipe nan tout etap etid la.

Pou plis enfòmasyon, nou mèt kontakte:

Ellie Happel, Klinik Jistis Global (Kreyòl, Angle, Español), ellie.happel@nyu.edu; +1-206-816-0544

Margaret Satterthwaite, Klinik Jistis Global (Angle, Franse, Kreyòl), margaret.satterthwaite@nyu.edu; +1-347-277-5035 & +1-212-998-6100

Abitan zòn nan, militant Kolektif Jistis Min, ansanm ak syantifik yo dakò pou pale si nou vle, sèlman mande sa.

Pou plis enfòmasyon sou risk dwa moun ak anviwònman aktivite min poze, ou mèt gade *Byen Konte Mal Kalkile: Risk Dwa Moun ak Anviwònman Min Lò an Ayiti* ki an Franse. Pou yon rezime an Kreyòl, ou mèt gade [isit](#).

Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa Inivèsite New York

Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa Inivèsite New York bay sèvis avoka pwofesyonèl endividyèl ak òganizasyon, atravè kolaborasyon ak gwoup Ozetazini ak gwoup etranje. Nan travay li tankou : konseye legal, avoka, oubyen patnè pledwaye, etidyan Klinik la travay ansanm ak militan dwa moun ki soti plizyè peyi. Klinik la kòmanse travay sou tematik dwa moun an Ayiti depi Klinik la fèt.